

Non 167

DEKRÈ EGZEKITIF

**ENTÈDIKSYON POU KONPAYI ASIRANS KI KITE NY STATE OF HEALTH LA, KI SE MACHE  
PLAN ASIRANS SANTE OFISYÈL NEW YORK LA**

**LÈ NOU KONSIDERE**, Chanm Reprezantan yo te pase Lwa Swen Sante Ameriken an (American Health Care Act), ki pral redwi èd finansyè pou kouvèti asirans medikal, patikilyèman pou moun ki gen revni fèb ak modere yo.

**LÈ NOU KONSIDERE**, Lwa Swen Sante Ameriken an pral devastatè pou New York paske li pral kite 2.7 milyon Nouyòkè san kouvèti asirans medikal, redwi 4.7 milya dola nan bidjè Medicaid Eta a, mete 7 milyon moun ki depann de sèvis Medicaid yo ak lòt pwogram yo te kreye nan kad Lwa Swen Abòdab la yo (Affordable Care Act) arisk, epi menase sistèm swen sante Eta New York la k ap sèvi 19.5 milyon Nouyòkè a nèt.

**LÈ NOU KONSIDERE**, Lwa Swen Sante Ameriken an pral pèmèt konpayi asirans yo fè moun ki souffri maladi avan yon te enskri nan asirans lan yo peye plis nan kèk eta, sa k ap regrese akonplisman enpòtan Lwa Swen Abòdab la te franchi a, sa k ap retire pwoteksyon pou moun ki souffri maladi avan yon te enskri nan asirans lan yo, epi k ap lakoz moun sa yo peye prim asirans ki elve, epi fòse sila yo ki pa ka peye yo pèdi kouvèti yo.

**LÈ NOU KONSIDERE**, New York te etabli NY State of Health (Eta Sante New York), mache plan asirans medikal ofisyèl eta a, konfòmman ak Lwa Swen Abòdab la pou redwi prim asirans yo pou moun sa yo epi redwi kantite Nouyòkè ki pa gen asirans yo.

**LÈ NOU KONSIDERE**, depi lè NY State of Health la kòmanse fonksyone an 2013 la, yo te redwi to moun ki pa gen asirans nan New York a mwaye, soti nan 10 pousan rive nan 5 pousan, nivo to ki pi ba depi plizyè deseni, epi kantite moun ki achte asirans yo te ogmante a 270 pousan.

**LÈ NOU KONSIDERE**, 3.6 milyon Nouyòkè, 18 pousan popilasyon eta a, te enskri pou asirans abòdab atravè NY State of Health nan yon pwogram kontini ki baze sou revni fanmi yo ak lòt kritè elijibilite ankò ki gen ladan Qualified Health Plans (Plan Sante Kalifye), Medicaid, Essential Plan (Plan Esansyèl) ak Child Health Plus (Plan pou Timoun).

**LÈ NOU KONSIDERE**, Nouyòkè yo dwe enskri nan asirans medikal atravè NY State of Health pou yo ka resevwa yon montan èd finansyè federal yo estime a 400 milyon dola chak ane pou redwi prim asirans yo, ansanm ak kredi pataj pri a k ap redwi pri sèvis swen sante yo.

**LÈ NOU KONSIDERE**, Lwa Swen Sante Ameriken an, ansanm ak deklarasyon reprezantan eli nan Washington D.C. yo te fè yo, te kreye ensètitud nan mache asirans medikal la ki gen potansyèl pou lakoz pri yo ogmante san rezon ep l ap gen enpak negatif sou Nouyòkè yo.

**LÈ NOU KONSIDERE**, lè konpayi asirans yo kite Mache Endividyèl la (Individual Marketplace), sa pral gen yon trè gran enpak detrimantal sou anpil santèn milye Nouyòkè epi sa ap gravman iresponsab, paske sa ap mete sante Nouyòkè ki pi vilnerab yo arisk.

**LÈ NOU KONSIDERE**, li enpòtan anpil pou Eta New York la pran mezi konsa yo pou asire Nouyòkè yo gen aksè san entèripsyon nan kouvèti asirans medikal abòdab yo a.

**KOUNYE A, ANKONSEKANS, Mwen, ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon an ak lwa Eta New York yo te konfye mwen, avèk dokiman sa a mwen bay lòd kòm swit:

## **I. DEFINISYON**

- A.** "Antite Eta a Ki Afekte yo" vle di (i) tout ajans ak depatman kote Gouvènè a gen Otorite Egzekitif, epi (ii) tout sosyete ki bay avantaj piblik, otorite piblik ak konsèy kote Gouvènè a nonme Prezidan, Chèf Egzekitif, oswa pifò Manm Konsèy yo, sof pou Port Authority New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey).
- B.** "Komisè" vle di Komisè Depatman Sante Eta New York la.
- C.** "Depatman" vle di Depatman Sante Eta New York la (Department of Health of the State of New York).
- D.** "Konpayi Asirans" vle di yon konpayi asirans, ak tout afilye li yo, ki gen lisans pou ofri asirans aksidan ak asirans medikal konfòmeman ak Atik 32 Lwa Asirans lan (Insurance Law); yon sosyete ki òganize konfòmeman a Atik 43 Lwa Asirans lan; oswa yon òganizasyon swen sante entegre sètifye konfòmeman ak Atik 44 Lwa Sante Piblik la (Public Health Law).
- E.** "Mache" vle di Mache Endividyèl ki anndan NY State of Health la, ki se Mache Plan Asirans Ofisyèl ki sitiye anndan Depatman an. Konfòmeman a Lwa Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab (Lwa Swen Abòdab la) federal la, Mache Endividyèl la kalifye moun ak fanmi ki elijib pou achte plan asirans medikal kalifye yo epi bay yo aksè a èd finansyè federal pou ede yo peye pou kouvèti sa a.

## **II. LIS KONPAYI ASIRANS KI DISPONIB POU PIBLIK LA YO**

- A.** Avèk dokiman sa a, Komisè a gen lòd pou l avize konpayi asirans lan yo apati 1 septanm ane sa a oswa avan, oswa nan yon dat altènatif jan Komisè a espesifye sa a, chak konpayi asirans ki gen entansyon kite Mache a dwe avize yo gen entansyon pou yo kite opsyon pou ofri plan asirans medikal kalifye ki sou Mache a yo pou ane k ap vini an.
- B.** Apre Komisè resevwa avi a, li dwe voye yon avi alekri bay konpayi asirans patikilye sa a pou l fè l konnen entansyon Komisè a pou l mete non konpayi asirans sa a nan yon lis ki disponib pou avize piblik la sou entansyon yo genyen pou yo kite Mache a. Konpayi asirans lan ap gen yon peryòd 30 jou apre yo resevwa avi Komisè a pou yo prezante prèv konpayi asirans lan pat kite Mache a.
- C.** Yo dwe poste lis konpayi asirans ki disponib pou piblik ki voye avi entansyon pou yo kite Mache a sou sitwèb Depatman an. Kote Komisè a fè yon detèminasyon bòn fwa, konfòmeman a Seksyon II (B) ki pi wo a, ke konpayi asirans lan pat kite Mache a, Komisè a pa dwe mete non konpayi asirans lan nan lis la.
- D.** Komisè a dwe avize konpayi asirans yo te mete nan lis Komisè ke konpayi asirans lan ka mande pou yo retire l non yo nan lis lan depi yo soumèt prèv pou montre konpayi asirans lan pat kite Mache a bay Komisè a nan lespas 30 jou apre Komisè pibliye lis la sou sitwèb Depatman an. Si Komisè a fè yon detèminasyon bòn fwa ke konpayi asirans lan founi

kouvèti medikal sou Mache Endividyèl la, Komisè a dwe retire konpayi asirans lan nan lis la.

### **III. ENTÈDIKSYON SOU ANTRE NAN KONTRA AK ANTITE ETA KI AFEKTE YO**

Avèk dokiman sa a, yo bay tout Antite Eta ki Afekte yo lòd pou yo pa antre nan nouvo kontra oswa pwolonje kontra ki la deja yo avèk nenpòt konpayi asirans ki nan lis Komisè a jan sa preskri nan Seksyon II ki pi wo a.

### **IV. YO PAKA PATISIPE NAN Lòt Pwogram Mache a yo ANKÒ**

Avèk dokiman sa, yo bay Depatman an lòd pou l pa pèmèt okenn konpayi asirans ki nan lis Komisè a jan sa preskri nan Seksyon II pi wo a, apre yo fin kite mache a, yo pa ka ofri plan yo nan okenn pwogram Mache a ofri yo, ki gen ladan Medicaid, Child Health Plus, ak Essential Plan.

### **V. SELON JIJMAN KOMISÈ A**

Malgre Seksyon II ak IV pi wo a yo yon Antite Eta ki Afekte yo ak Mache a ka antre nan yon kontra oswa pwolonje yon kontra pou sèvis ki la deja avèk yon konpayi asirans ki nan lis Komisè a, men sèlman lè Moun ki Anchaj Antite Eta ki Afekte a oswa Mache a fè yon detèminasyon alekri ke sèvis konpayi asirans sa pral founi an nesès pou pèfòmans yon fonksyon esansyèl eta a epi kontra sa a ap otreman nan meyè enterè Eta a. Yo dwe voye detèminasyon alekri sa a bay Sekretè Gouvènè a ak Konseye Gouvènè a pa mwens pase 10 jou avan dat Antite Eta a ki Afekte a oswa Mache a antre nan oswa pwolonje kontra sa a.

**ANOUT**, Dekrè sa a dwe antre an efè imedyatman.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, nan nevyèm jou mwa Jen nan lane de  
mil disèt.

SOU Lòd Gouvènè A

Sekretè Gouvènè a